

Pale avèk Doktè ou




Bilten Sante

Vizite nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo.
Rele **311** pou kòmande kopi gratis.



Etabli yon relasyon solid avèk doktè ou

Li enpòtan pou sante ou si ou gen yon relasyon ki fonde sou respè, kominikasyon ak konfyans.



Nan yon etid ke Rapò Konsomatè fè, doktè yo di bagay ki pi enpòtan yon pasyan kapab fè pou yo jwenn pi bon swen medikal se etabli yon relasyon ki dire lontan ak yon doktè swen prensipal,, epi **76 pousan** di li ta ka ede “anpil.”

Sous : Kisa Doktè yo Swete Pasyan yo Te Konnen, rapò Mas 2011 ki soti nan Rapò Konsomatè (Consumer Reports) pou manm nan Gwoup Komèsyal Nasyonal sou Sante (National Business Group on Health)

Fè tout sa ou kapab pou ou gen yon wòl aktif

- Gen kèk moun ki enkyete lè yo ale kay doktè. Menm si ou konsa, eseye gen yon wòl aktif nan vizit la pou fè li tounen yon konvèsasyon avèk doktè ou.
- Poze kesyon lè ou pa konprann sa w ap tande oswa sa w ap wè. Mande kopi materyèl ki ekri pou ou ka pote lakay ou.
- Repete bagay sa yo nan pwòp mo ou: "Kidonk, mwen panse sa w ap di a se ... Èske mwen konprann byen?"

Fè Vizit la tounen yon Konvèsasyon

Ou pataje enkyetid sante ou yo

Doktè a poze kesyon

Ou bay repons

Doktè a egzamine ou, li bay konsèy ak rekòmandasyon tèl ak tretman

Ou poze kesyon

Doktè a reponn

Nou toude fè yon plan pou swiv ak pou okipe sante ou

Ou dwe pare pou vizit ou

Pote tout bagay sa yo avèk ou jan ou kapab:



Medikaman w ap pran kounye a - ki gen ladan medikaman preskripsyon, medikaman san preskripsyon, remèd fèy ak sipleman



Kat Asirans



Kesyon ekri davans sou pwoblèm sante kounye a



Papye oswa smatfòn pou pran nòt



Rele anvan oswa depi ou rive di resepsyonis nan gichè akèy la si ou bezwen sèvis entèpretasyon nan lang. Ou ka jwenn sèvis lang gratis nan t'out lopital ak klinik Vil la dirije yo.

Bay tout detay sou sentòm yo ak enkyetid ou yo

- Sonje byen, sante ou twò enpòtan pou ou pa pran tout tan ou bezwen pou pale ak doktè a.
- Mansyone nenpòt enkyetid ou genyen konsènan byennèt emosyonèl ou. Sa afekte sante fizik ou e li enpòtan menm jan avèk nenpòt lòt pwoblèm sante.
- Si ou gen pwoblèm pou li oswa pou konprann chif, lap ede ou si ou di doktè a sa, pou li ka ba ou pi bon swen ki posib.
- Fè doktè ou konnen si w enkyete pou pri medikaman ou yo. Ka gen medikaman pou pri ki pi ba oswa lòt pwogram gendwa disponib.

Yon doktè ki bon pou ou ap toujou:



Fè ou santi ou alèz



Bay menm nivo swen an kèlkeswa enfòmasyon ou ba yo



Reponn a sa ki enkyete ou

Si ou pa santi ou alèz avèk doktè ou, oswa si ou panse doktè ou a pa baou repons pou enkyetid ou yo, wè si ou pa ta ka jwenn yon lòt.

Resous

Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy

**Chèche Èd pou
Jwenn Asirans bon
mache oswa gratis**

Vizite **nyc.gov/health**
epi chèche Asirans

Abònman

Pou yon abònman gratis nan imèl,
vizite **nyc.gov/health/pubs**



Vizite **nyc.gov/health** pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt dokiman sou sante ki tradui. Ou gen dwa pou jwenn sèvis nan lang natifnatal ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.